

Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan memberikan tanda silang (X) pada salah satu pilihan jawaban pada huruf A,B, C, D, atau E!

1. Wos surasane serat Wedhatama, yaiku
A. Nyritakake tembang macapat
B. Babagan sosial politik
C. Kawruh budaya Jawa
 2. Tembang macapat kanga asale saka tembung “mungkur” kang ateges nyingkiri hawa nepsu angkara murka. Kang dipikir tansah kepingin weweh marang sapadha-padha diarani...
A. Pocung
B. Sinom
C. Pangkur
 3. Pathokan sajroning tembang macapat kang ngemot pathokan cacahing wanda saben sagatra, yaiku guru...
A. basa
B. sastra
C. gatra
 4. Pathokan tembang Pangkur, yaiku...
A. Gatra: 7, wilangan lan lagu: 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
B. Gatra: 7, wilangan lan lagu: 8a, 11i, 8a, 7u, 12u, 8i, 8a
C. Gatra: 6, wilangan lan lagu: 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a,
D. Gatra: 6, wilangan lan lagu: 8a, 11i, 7a, 12u, 8a, 8i
E. Gatra: 8, wilangan lan lagu: 8a, 8i, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
 5. Tegese tembung-tembung *siwi, nglelingsemi, priyangga*, yaiku..
A. anak, ngaling-alangi, sakkarepe dewe
B. anak, ngisin-isini, awake dewe
C. anak, ngisin-isini, ala
 6. Tembang mangisor kanggo pitakon nomer 6 – 7!
Mingkar-mingkuring angkara // akarana karenan mardi siwi // sinawung resmining kidung // sinuba sinukarta // mrih kretarta pakartining ngelmu luhung // kang tumrap ing tanah Jawa // agama ageming aji //
Tegese gatra pitu “*agama ageming aji*” yaiku...
A. Ngedohi tumindak ala
B. Diaturke lumantar tembang
C. Agama kanggo tuntunaning urip
 7. Nilai kultural kang kamot ing tembang mandhuwur, yaiku...
A. Ngedohi tumindak ala
B. Nguri-uri budaya Jawa
C. Meneni pitutur marang anak
 8. Ing ngisor iki wos kang **ora** kamot ing tembang Pangkur (Wedhatama), yaiku...
A. Ngajarake tuntunan moral babagan etika berbudaya lan pendidikan
B. Ngajarake tuntunan moral babagan etika pribadi
C. Ngajarake tuntunan moral babagan etika sosial
D. Ngajarake supaya sregep anggone ngangsu kawruh
E. Ngajarake tuntunan moral babagan agama/Nembah mring Gusti
 9. Ing ngisor iki babagan kang digatekake nalika ngripta tembang, yaiku...
A. Pathokane tembang lan kaendahan basa ora kudu gatekake
B. Migunakake gendhing lan titi laras
C. Tembang kudu nyritakake prastawa nganti rampung
D. Sakabehing pitutur luhur ana ing sajroning tembang
E. Paugerane tembang lan daksi/pilihan tembung

10. *Yuda prawira utama //Amung bekti ngabdi ibu pertiwi // Sedyane mung labet labuh // Kagem nusa lan bangsa // Labet budi bandha bandhu bau suku // Indonesia mrih merdika //Pra mudha wani toh pati*
Tema tembang macapat madhuwur, yaiku...
A. Kritik sosial D. Nasionalisme
B. Religius E. Kamardikan
C. Pendidikan

11. Wacan kang klebu citra narasi lan isine nyritakake kadadeyan utawa prastawa bisa nyata utawa fiktif kang dilakoni paraga kanthi urutan wektu tinemu lan diwaca sepisan rampung dipunwastani...
A. Crita cekak D. Fabel
B. Novel E. Roman
C. Epos

12. Ing ngisor iki **dudu** titikane crita cekak, yaiku...
A. Sawijining cecongkrahan dilakoni pirang-pirang paraga
B. Konflik utawa cecongkrahan nganti ngowahi nasibe tokoh/paraga
C. Dicritakaken sepisan rampung
D. Perwatakan digambarake kanthi cekak
E. Naratif/urut

13. Pethikan crita cekak ing ngisor iki kanggo pitakon nomer 13 tumekane 17!

Bekti Ginawa Mati

Lemah kubure Mbah Kung isih teles. Rasa sungkawa lan kelangan durung ilang saka atine kaluwarga. Lan luhku bali tumetes nalika listrik wiwit empan lan dirasakake warga desa. Ya awit nglabuhi prakara kuwi wong kang banget daktresnani kudu bali ing ngarsane Gusti.

"Bapak-bapak saha ibu-ibu, kula suwun kesabaran panjenengan sami kersa paring wekdal dhateng kula sakadang kangge naliti perkawis menika," ujare Pak lik Pamu

"Huuu...terus nganti kapan kudu sabar. Kita wis mbudidaya golek duwit karepe supaya bisa cepet ngrasakake listrik mlebu desa. Kok jebul dhuwite ora karuan," wuwuse wong kang mandhegani dhemonstrasi

“Iya bener, paling dhuwit kuwi nggo ragad ing rumah sakit, nalika bapakmu utawa Mbah Kungmu lara,” panutuhe wanita lemu bengesan abang mbranang nggilap, lambene kewes yen nyelathu.

* * *

Wektu kuwi Mbah Kung dipercaya Pak Lurah dadi ketua panitia nampa cicilan amprah saka warga. Anggotane wong enem. Awit kertas putih kanthi gamblang katulis dening Mbah Kung yen tuhune Bu Yasmi, Pak Yoto, lan Pak Tari kang utang dhuwit listrik, ananging endha bareng Mbah Kung seda.

Jane Aku gela, ya awit Bapak lan Pak Lik kabeh butuh makarya mula padha kabotan yen kudu ndedawa perkara, nadyan kuwi gegayutan karo ajining ndiri kaluwarga, mligine swargi Mbah Kakung.

Kapethik saking: Panjebar Semangat, 17 Januari 2015

Tema crita cekak madhuwur, yaiku...

- A. Kabudayan
B. Religius
C. Urip bebrayan

D. Pendidikan
E. Kritik sosial

14. Ing ngisor iki paraga lan watak kang trep miturut crita cekak mandhuwur, yaiku...

 - A. *Aku* duweni watak tresna asih marang Mbah Kung lan sregep anggone ngibadah
 - B. *Pak Yoto* tuhu marang janjine bakal nyicil utange sawulan sakdurunge listrik di pasang
 - C. *Pak Tari* kanthi jujur matur menawa deweke kagungan sambutan kalih Mbah Kung
 - D. *Mbah Kung* nggadahi watak kang sareh lan waspada dhateng sedaya solah bawanipun
 - E. *Pak lik Pamu* piyayine sabar lan wicaksana anggone ngadhepi warga kang dhemonstrasi

15. Latar swasana kang kamot ing crita cekak madhuwur, yaiku...

 - A. Ayem tentrem guyup rukun
 - B. Bingah lan suka parisuka
 - C. Kuciwa, duhkita, lan tintrim
 - D. Kuciwa, duhkita, lan tintrim
 - E. Gumbira lan tintrim

16. Konflik kang **ora** kamot ing crita cekak madhuwur, yaiku ...
- Dhuwit setoran warga kanggo listrik masuk desa ora ngerti dununge
 - Kaluwarga Mbah Kung marani siji mbaka siji warga desa minangka nyuwun pangapura sanajan ora salah
 - Panitia sing kudune kadapuk mbiyantu Mbah Kung malah mandhegani dhemonstrasi
 - Bu Yasmi kang bisa dunungke sejatine ana ngendi dhuwit kanggo listrik masuk desa malah didemo marang warga amarga ora bisa yaur utang
 - Pak Lik ora bisa ndedawa prakarya sanajan gegayutan karo ajining diri kaluwarga.
17. Amanat kang kang sarujuk/cocok karo crita cekak mandhuwur, yaiku...
- Prakara kang gegayutan karo ajining diri kudu dirampungake miturut hukum
 - Ngati-ati lan waspada iku prelu kanggo jaga ajining diri lan kaluwarga
 - Bekti marang tiyang sepuh menika dados wajibe anak
 - Duweni watak lembah manah lan kurmat marang sapada
 - Gemi setiti anggone mbale wisma supaya kaluwarga tansah tentrem
18. Ngringkes sawijining crita cekak kanthi tetep ngawigatekake unsur-unsur intrinsik dipunwastani...
- | | |
|--------------|----------------|
| A. Parafrase | D. Crita cekak |
| B. Pantomim | E. Babad |
| C. Sinopsis | |
19. Pawarta yaiku laporan paling cepet saka sawijining kadadeyan utawa prastawa kang faktual, penting lan narik saperangan gedhe pamaose sarta magepokan karo kabutuhane pamaose, yaiku pangreten pawarta miturut ahli keng asma...
- | | |
|-----------------------------------|----------------------|
| A. Mitchel V.Charnley | D. M.Lyle Spencer |
| B. Earl English lan Clarence Hach | E. Willard C. Bleyer |
| C. Nothcliffe | |
- 20. Teks pawarta ing ngisor iki kanggo pitakon nomer 20 tumekane 22!**
- Menteri Perdagangan Rahmat Gobel, Selasa (11/8), kandha nyujanani ana mafia sing njalari regane daging sapi mumbul engga para bakul mogok dodolan. Kawit minggu kepungkur rega daging ing Jakarta lan sakiwa tengene ana sadhuwure Rp 100 ewu saben sekilone. Miturut Rahmat ganjang-ganjing rega mau mung mligi ing Jakarta. Mula dheweke sujana ana sing sengaja mulur mungkrete pasokan daging sapi menyang Ibu Kota. Kapolri Jendral Badrodin Haiti uga kandha pulisi wis golek sisik melik prakara kasebut.*
- Kapethik saking: Panjebar Semangat, 22 Agustus 2015*
- Perangan teks pawarta kang unine *Panjebar Semangat, 22 Agustus 2015* pun wastani...
- | | |
|------------------|-------------|
| A. Headline | D. Language |
| B. Deadline | E. Lead |
| C. Body language | |
21. Sapa lan babagan utama apa kang diwartakake ing teks pawarta mandhuwur....
- Rahmat Gobel, rega daging sapi sansaya mumbul ing wilayah Jabodetabek
 - Rahmat Gobel, nyujayani ana mafia daging sapi
 - Rahmat Gobel, bakul daging sapi kang mogok dodol suwene seminggu
 - Kapolri Jendral Badrodin Haiti, ngenani gravitifikasi ing Kementrian Keuangan
 - Kapolri Jendral Badrodin Haiti, ngenani dol tinuku daging sapi ing pasar tradisional
22. Wos surasaning pawarta kang kamot ing teks pawarta madhuwur, yaiku...
- Rega daging sapi bisa mumbul amarga impor daging sapi saka manca di stop dening pamarentah
 - Rega daging sapi kang mumbul mligine ana ing Jakarta uga tlatah liyane kayata Bandung lan Bogor.
 - Rahmat Gobel minangka Menteri Perdagangan ngendikakake menawa nyujanani ana mafia sing njalari rega daging sapi mumbul.
 - Kapolri Jendral Badrodin Haiti ngendikakae menawa pulisi during sisik melik babagan kuwi sakdurunge ana parentah resmi.
 - Rega daging sapi mumbul ngenti Rp 100 ewu saben sekilone, ananging kuwi mau ora nyurutake bakul dodolan ana pasar

23. Ing ngisor iki trap-trapane nulis teks pawarta, yaiku...
- ngumpulake tema - nemtokake teras berita (lead) – milih tembung – ngawiti nulis
 - ngumpulake tema - milih tembung - nemtokake teras berita (lead) - ngawiti nulis
 - ngumpulake fakta/data - milih tembung - nemtokake teras berita (lead) - ngawiti nulis
 - ngumpulake fakta/data - nemtokake teras berita (lead) – milih tembung – ngawiti nulis
 - ngumpulake fakta/data - nemtokake teras berita (lead) – ngawiti nulis - milih tembung
24. Ukara mangisor kang migunakake ngoko alus, yaiku....
- “Pak, gek dahar disik sakdurunge Sare”, ngendikane Ibu
 - “Ibu, badhe tindak pundi, kula nderek nggih”, ature Dik Ririn
 - Pagelaran Ringgit sampun purna, kula lan kanca-kanca enggal manthuk.
 - Griya kula cerak kaliyan daleme Pak Joni kinten-kinten namung 100 meter
 - Kula badhe sowan daleme simbah sakbibaripun manthuk saking sekolah.
25. *Siswa SMK N 2 Karanganyar nglumpukake dana kanggo korban musibah banjir ing Garut, Jawa Barat tanggal 29 Oktober 2016 ing sajroning upacara dina Senen.*
- Ukara madhuwur manawa didhadekake krama alus, yaiku...
- Siswa SMK N 2 Karanganyar nglumpukake redana kagem korban musibah banjir ing Garut, Jawa Barat tanggal 29 Oktober 2016 ing sajroning upacara dina Senen.
 - Siswa SMK N 2 Karanganyar ngimpun dana kagem korban musibah banjir ing Garut, Jawa Barat tanggal 29 Oktober 2016 wonten ing sajroning upacara dina Senen.
 - Siswa SMK N 2 Karanganyar ngimpun redana kagem korban musibah banjir ing Garut, Jawa Barat surya kaping 29 Oktober 2016 wonten ing sajroning upacara dina Senen.
 - Siswa SMK N 2 Karanganyar ngimpun redana kagem korban musibah bena ing Garut, Jawa Barat surya kaping 29 Oktober 2016 wonten ing salebete upacara dina Senen.
 - Siswa SMK N 2 Karanganyar ngimpun redana kagem korban musibah bena ing Garut, Jawa Barat surya kaping 29 Oktober 2016 wonten ing salebete pun upacara dinten Senen.
26. Ing ngisor iki klebu teknik maca teks pawarta, yaiku...
- | | |
|-----------------------------|--|
| A. Ekspresi tansah gumujeng | D. Mlebu wetune napas katon lan banter |
| B. Pocapane kang trep | E. Maca kanthi cepet |
| C. Swara tansah banter | |
27. Wacana kang nggamarake utawa njlentrehake kanthi cetha salah sawijining kahanan utawa objek, lan kaya-kaya kang padha maca isa ngrasakake utawa ngreti kaya kang dicritakake, dipunwastani wacana...
- | | |
|--------------|----------------|
| A. Narasi | D. Argumentasi |
| B. Eksposisi | E. Persuasi |
| C. Deskripsi | |
28. Denah omah Joglo ing ngisor iki kanggo pitakon nomer 28 tumekane 30!
-
- Perangan omah Joglo kang aran “dalem agung”, yaiku nomer...
- | | |
|------|------|
| A. a | D. 3 |
| B. 1 | E. 4 |
| C. 2 | |
29. Perangan omah Joglo kang aran “krobongan”, yaiku nomer...
- | | |
|------|------|
| A. a | D. 3 |
| B. 1 | E. 4 |
| C. 2 | |
30. Perangan omah joglo kanthi nomer urut 1 ing denah madhuwur pun wastani....lan ngemu teges....
- Teras/pekiwan, manungsa duweni asipat tinutup/pribadi kang nuduhake urusan kaluwarga.
 - Teras/pendhapa, luhure pribadi Jawa kang tansah tertutup lan mentingake karukunan.
 - Teras/pendhapa, manungsa duweni asipat tinutup/pribadi kang nuduhake urusan kaluwarga.

- D. Teras/pringgitan, luhure pribadi Jawa kang tansah tinarbuka lan meningake karukunan.
 E. Teras/pendhapa, luhure pribadi Jawa kang tansah tinarbuka lan meningake karukunan.
31. Perangan omah Joglo iki ngemu pralambang yen manungsa iku kudu melu nguri-uri lan ngrembakake seni lan budaya, yaiku...
 A. Pringgitan
 B. Pendhapa
 C. Pawon
 D. Pekiwan
 E. Dalem agung
32. Kang **ora** klebu wos surasaning pratelan wacana deskripsi mangisor, yaiku...
Ing perangan lawang omah Joglo duwe telung lawang, yaiku lawang utama ing tengah lan rong lawang kang ana ing sisih ngiringan kiwa lan tengene lawang utama. Katelu perangan lawang iku nglambangake kang nedheng ngembang lan ngupadi ing sajroning kluwarga. (1)
 A. Omah Joglo ing perangan lawang duwe telung lawang
 B. Lawang telu nggamarake manungsa duwe sipat prihatin lan bisa ngendalekake hawa nepsu supaya kepenak ing tembe mburi
 C. Lawang telu mau nglambangake manungsa tansah nedheng ngembang ing sajroning kluwarga.
 D. Lawang utama ing omah Joglo ana siji ing tengah lan rong lawang sisih kiwa lan tengen.
 E. Lawang ing omah Joglo nglambangake manungsa tansah ngupadi ing sajroning kluwarga.
33. Tembung ing ngisor iki mawi panyigeg mandaswara arupi wignyan lan ceceg, yaiku...
 A.
 B.
 C.
 D.
 E.
34. Ing ngisor iki tembung kang nggunakake aksara murda, yaiku...
 A. D.
 B. E.
 C.
35. Ing ngisor iki tembung kang nggunakake aksara rekan, yaiku...
 A. D.
 B. E.
 C.
36. 1781945. Yen ditulis nganggo aksara Jawa, yaiku...
 A. D.
 B. E.
 C.

37. || ហាប់នាមិត្តលាង វីរុទ្ធនឹងកំណែបារិយាទ្វូយ៉ាក្សរា ក្នុងព្រៃន

yen ditulis nganggo huruf latin, yaiku....

- A. Pawarta sepisan inggih menika pagelaran wayang kulit.
 - B. Pawarta sepisan inggih menika pagelaran wayang purwa.
 - C. Pawarta sepisan inggih menika pagelaran seni budaya.
 - D. Pawarta sepisan inggih menika pagelaran kethoprak.
 - E. Pawarta sepisan inggih menika pagelarren wayang kulit.

38. *Mugi tansah pinaringan kasarasan*. Yen ditulis nganggo aksara Jawa, yaiku...

- A. ။ ပျော်စောင်အုပ်စုကိုနှုန်းချေမှုများဆောင်။
 - B. ။ ပျော်စောင်အုပ်စုကိုတာနှုန်းချေမှုများဆောင်။
 - C. ။ ပျော်စောင်အုပ်စုကိုပာနှုန်းချေမှုများဆောင်။
 - D. ။ ပျော်စောင်အုပ်စုကိုနှုန်းချေမှုများဆောင်။
 - E. ။ ပျော်စောင်အုပ်စုကိုပြောနှုန်းချေမှုများဆောင်။

39. *Perangan omah joglo*. Yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku...

- A. Ա Պատմութեան Հայոց Պատմութեան

B. Ա Պատմութեան Հայոց Պատմութեան

C. Ա Պատմութեան Հայոց Պատմութեան

D. Ա Պատմութեան Հայոց Պատմութեան

E. Ա Պատմութեան Հայոց Պատմութեան

40. Cecek-cecek ing ngisor iki ganepana nganggo tembung kang trep!

- A. ពិនិត្យអំលាក់បំរុណអំឡ
 - B. ពិនិត្យអំលាក់បំរុណអំឡ
 - C. ពិនិត្យអំលាក់បំរុណអំឡ
 - D. ពិនិត្យអំលាក់បំរុណអំឡ
 - E. ពិនិត្យអំលាក់បំរុណអំឡ